

PIDHATO

Tujuan Pidhato

1. Nyendhiyani informasi
2. Persuasif / ngajak
3. Hiburan / rekreasi

Definisi Yaiku omongan kang ditata kanthi apik lan disampekake marang wong liya

Struktur Teks Pidhato

- **Pembuka**
Perangan teks pidhato kang miwiti andharan, isine wujud salam pembuka, pakurmatan, lan puji syukur
- **Isi**
Perangan teks pidhato kang ngandharake wosing andharan utawa inti sarine andharan
- **Penutup**
Perangan teks minangka panutuping andharan, isine dudutan, panyuwunan pangapura lan salam panutup

Jenis-jenis Pidhato

1. Pidhato pembukaan
2. Pidhato pengarahan
3. Pidhato sambutan
4. Pidhato peresmian
5. Pidhato laporan
6. Pidhato pertanggungjawaban

Jenise pidhato miturut suasanane ana loro, yaiku resmi lan ora resmi

Metodhe Pidhato cacahé ana 4 :

1. Impromptu : Pidhato sing tanpa nganggo persiapan
2. Memoriter : Pidhato kanthi ngapalake naskah luwih dhisik
3. Naskah : pidhato kanthi cara maca teks/naskah
4. Ekstemporan : pidhato mung nyiapake pokok-pokok pidhato

BEDANE PIDHATORESMI LAN ORA RESMI

NO	RESMI	ORA RESMI
1.	Pidhatone sing diwedarake ing pesamuan resmi / formal	Pidhato sing diwedarake ing pasamuan ora resmi / semi resmi
2.	Digunakake ing kahanan resmi	Digunakake ing kahanan ora resmi
3.	Intonasi datar	Intonasi suara munggah mudun
4.	Ukarane jangkep	Kerep nganggo ukara ora jangkep
5.	Migunakake tembung baku	Tembunge ora baku
	Contoh : Pidhato kenegaraan, Pidhato hardiknas	Contoh : Pidhato mantenana, Pidhato karang taruna